

# Fich Enfòmasyon sou Klamidya

Klamidya, ki kozepa yon bakteri, *Klamidya trichomonas*, se yon nan maladi ki transmèt pa kontak seksyèl ki pi kouran Ozetazini.

## SIY AK SENTÒM

Endividyèl yo pli souvan asentomatik (sa vle di san oken sentòm). Si ou genyen sentòm, nomalman yo parèt 1 à 3 semèn apre ke ou te ekspoze.

Sentòm nan fanm enkli:

- Pèt vajinal ki Abnomal
- Sansasyon briilè lè w ap fè piti
- Doule anba tivant
- Doule Rèl do
- Noze ak/oswa lafyèv
- Doule pandan w ap fè sèks
- Senyen nan ant peryòd règ mansyèl
- Iritasyon nan anis (two dèyè)

Sentòm nan gason enkli:

- Pèt nan pijon
- Sansasyon briilè lè w ap fè piti
- Briilè oswa gratèl otou twou pijon an
- Iritasyon nan anis (twou dèyè)

## TRANSMÈT

Enfeksyon Klamidya transmèt pa:

- Sèks Vajinal, nan dèyè, oswa sèks sousad
- Manman ki enfektè pase sa bay tibebe pandan y ap akouche pa vajen

## COMPLIKASYON/KONSEKANS YO

Si enfeksyon Klamidya an rete san trete ka lakòz pou:

- Maladi enflamasyon nan matris Esterilite
- Gwosès deyò iteris (nan tib)
- Doule Kwonik nan matris
- Ogmantasyon risk pou trape enfeksyon VIH

Si enfeksyon Klamidya an rete san trete, pandan gwosès ka lakòz pou:

- Akouchman avan dat (prematire)
- Tibebe an fèt ak yon pwa ki ba
- Konjonktivite sevè nan zye ak enfeksyon vwa respiratwa (nemoni) nan tibebe ki fèk fèt

## TRETMAN

Tretman dwe enkli:

- Preskripsyon medikaman pa yon doktè (pli komen se azithromisin oswa doksisisilin)
- Tretman apwoprye pou patnè an

## PREVANSYON

- Abstinans sou kontak seksyèl  
Tretman bonè pou STD (Maladi Transmèt Seksyèlman MTS)
- Itilize kapòt (kondom) tout tan, epi korèkteman nan yon fason apwoprye lè w ap fè sèks nan vajen, nan dèyè, oswa sèks sousad sou pijon
- Itilize kapòt (kondom) baryè tout tan, epi korèkteman nan yon fason apwoprye lè w ap fè sèks sousad sou vajen oswa sou twou dèyè

Rekòmandasyon pou anpeche pwopagasyon enfeksyon:

- Evite kontak seksyèl avèk yon Patnè jiskaske tretman finn konplete  
Pran tout preskripsyon medikaman yo menm si ou sispann gen sentòm yo.
- Sispann kontak seksyèl si siy yo oswa sentòm yo retounen
- Fè tèss sondaj pandan gwosès
- Sondaj chak ane pou tout fanm ki aktif seksyèlman ki aje de 25 ane oswa mens
- Notifye tout dènye sèks patnè yo si ou enfenkte

## Enfòmasyon pou Pran Kontak:

Pou plis enfòmasyon sou sèvis klinik Laflorid yo, lokasyon, ak rekòmandasyon pou tretman tanpri vizite nou nan sitwèb [http://www.doh.state.fl.us/disease\\_ctrl/std/clinical/clinical.html](http://www.doh.state.fl.us/disease_ctrl/std/clinical/clinical.html) Kominikasyon elektwonik sou kouryèl: [HSD\\_STD@doh.state.fl.us](mailto:HSD_STD@doh.state.fl.us)

## Nasyonal Liy STD

1-800-227-8922 (24 sou 24, 7 jou pa semèn)

## Payòl

1-800-344-7432 (8 am -2 pm Lès, 7 jou pa semèn)

## Mal pou Tande

1-800-243-7889 (10 am-10pm Lès, Lend.-Vand)